

Poze m nenpòt kesyon sou ekspozisyon ak plon.



Aprann konnen siy yo ak kisa pou w fè si w sispèk yon ekspozisyon ak plon.

Oke, poukisa yon aligatò?

- K** Penti ki ansyen k ap dekalè yo gen yon aparans ekay, yo souvan rele “po aligatò.” Moso ansyen penti se youn nan ekspozisyon ak plon yo jwenn pi souvan.

Ki kèk efè entoksikasyon ak plon genyen?

- K** Plon nan san w ka pwovoke reta nan devlopman, difikilte pou aprann ak pwoblèm konpòtman. Efè entoksikasyon ak plon ka pèmanan epi li ka pwovoke yon andikap.

Kisa m ka fè pou m pwoteje fanmi m?

- K** Mennen pitit ou a teste si gen risk pou l te ekspoze ak plon, sitou si li gen 1 ak 2 lane. W ap viv nan yon ansyen kay? Fè yo teste tiyo dlo w la pou yo gade si l pa gen plon ladan l. Siye epi pase mòp souvan. Lave men ak jwèt pitit ou yo regilyèman. Fè dlo a koule pandan 60 segond avan w itilize l, epi fè manje ak dlo ki frèt sèlman.

Kisa ki se sous ekspozisyon ak plon an?

- K** Se pa sèlman ansyen penti, gen lòt sous nou jwenn souvan tankou dlo ki soti nan tiyo ki fèt ak plon, tè ki kontamine ak plon, ansanm ak kèk jwèt ak bijou ki enpòte.

Èske ti kantite ekspozisyon ak plon pa pwoblèm?

- K** Non. Li enpòtan pou w sonje pa gen okenn kantite plon nan san w ki san danje pou ou. Menm yon ti kantite plon nan san w ka fè gwo dega ki pèmanan.

Ki moun ki gen plis risk pou yo gen yon entoksikasyon ak plon?

- K** Jiskaprezan, se timoun ki poko gen 6 lane yo ki gen plis risk paske yo gen tandans mete bagay nan bouch yo pandan yo nan ane ki enpòtan nan devlopman yo. Efè negatif yo ka dire pandan yon bon bout tan.

